

Non Paran/Responsab Legal/Sibstiti:

Pitit ou a pral gen laj twa lane talè konsa epi li gendwa kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize. Si yo di pitit ou a kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize, pitit ou a kapab swa:

Kòmanse edikasyon preskolè espesyalize nan dat _____

OSWA

Rete nan Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program) a _____ epi kòmanse edikasyon preskolè espesyalize a nan jou apre a.

Li posib pou pitit ou a pa reponn ak kritè pou edikasyon preskolè espesyalize. Nan ka sa a, sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè pitit ou a pral fini jou anvan pitit ou an gen laj twa lane. Kowòdonatè Sèvis (Service Coordinator) ou a pral ede ou elabore yon plan tranzisyon ki ap gen ladan pwochen demach pou pitit ou a ak fanmi ou a, epi referans pou lòt sipò ak sèvis.

Sèl Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize (Committee on Preschool Special Education) ki nan distri eskolè lokal ou a ki kapab decide si pitit ou a kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize.

Avi sa a di ou ki demach oumenm, Kowòdonatè Sèvis ou a ak Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a dwe fè pou konnen si pitit ou a reponn ak kritè pou edikasyon preskolè espesyalize. Demach sa yo gen ladan:

- planifye avèk Kowòdonatè Sèvis ou a demach ak sèvis ki pral ede pitit ou a fè tranzisyon soti nan Pwogram Entèvansyon Bonè a ale nan edikasyon preskolè espesyalize,
- decide pou refize oswa pa refize (alekri) avi pou bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pou di si pitit ou a gendwa kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize,
- rankontre, si ou chwazi pou fè sa, Kowòdonatè Sèvis ou a ak prezidan (chairperson) Komite pou Sèvis Edikasyon Preskolè Espesyalize oswa reprezantan li (Reyinyon sou Tranzisyon [Transition Conference]),
- refere pitit ou a bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a,
- decide ki dosye Pwogram Entèvansyon Bonè a yo pral bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a,
- fè Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a evalye pitit ou a, epi
- detèmine dat tranzisyon pitit ou a.

Si Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pa evalye pitit ou a epi li pa di pitit ou a kalifye pou sèvis Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize yo anvan pitit ou a gen laj twa lane, sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè pitit ou a pral fini *jou anvan dat twazyèm anivèsè pitit mwenn an*. **Sonje**, Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a dwe decide si pitit ou a kalifye *anvan pitit ou a gen laj twa lane*, pou w asire ke pitit ou a ap jwenn sèvis pitit ou a bezwen.

Tanpri li enfòmasyon annapre yo byen.

Kowòdonatè Sèvis ou a kapab reponn nenpòt kesyon ou gendwa genyen.

DEMACH POU TRANZISYON

- Kowòdonatè Sèvis ou a pral rankontre avèk ou pou elabore yon Plan Tranzisyon ki pral idantifye demach ki pou fèt pou ede oumenm ak pitit ou a kite Pwogram Entèkansyon Bonè a epi kòmanse nouvo sèvis tankou edikasyon preskolè espesyalize, Head Start, elatriye. Plan Tranzisyon an ta dwe gen ladan tout èd ak sipò oumenm oswa pitit ou a gendwa bezwen pou adapte avèk chanjman nan sèvis yo.
- Kowòdonatè Sèvis ou a dwe enfòm distri eskolè ou a ke pitit ou a gendwa kalifye pou pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize. Ou pral gen opòtinite pou refize (opoze ak) notifikasyon sa a alekri. Kowòdonatè Sèvis ou a pa kapab franchi etap sa a si ou refize (opoze) alekri.
- Kowòdonatè Sèvis ou a dwe ofri ou chans pou rankontre Kowòdonatè Sèvis la ak Prezidan Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a (oswa reprezantan yo) ansanm. Si pitit ou a te deja resevwa, oswa gendwa bezwen sèvis anplis nan men lòt ajans Eta, li gendwa pi bon pou gen yon reprezantan ajans sa a ki patisipe tou nan rankont la. Rankont sa a rele yon Reyinyon sou Tranzisyon.

Se ou ki deside si ou ta renmen yon Reyinyon sou Tranzisyon. Yo pral mande ou bay Kowòdonatè Sèvis ou a konsantman ou pou reyinyon sa a fèt. *Si ou ta renmen yon Reyinyon sou Tranzisyon, konsantman ou nesèsè pou Kowòdonatè Sèvis la òganize Reyinyon an. Ou kapab refize Reyinyon an.*

Reyinyon sou Tranzisyon an dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki bon pou tout patisipan yo. Prezidan/Reprezantan Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a gendwa patisipe pa telefòn.

Objektif prensipal Reyinyon pou Tranzisyon an se:

- egzamine diferans ki genyen ant Pwogram Entèkansyon Bonè a ak Sèvis Edikasyon Preskolè Espesyalize yo,
- pale sou fason ak moman pou refere pitit ou a bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a,
- pale sou pwosesis evalyasyon ak kalifikasyon Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a,
- reponn nenpòt kesyon ou gendwa genyen,
- gade opsyon pou sèvis yo atravè Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pou pitit ou a, epi
- elabore oswa mete ajou yon plan tranzisyon.

Kit ou chwazi fè yon Reyinyon sou Tranzisyon oswa pa fè li, ou kapab deside refere pitit ou a bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize nan distri eskolè a. Kowòdonatè Sèvis ou a kapab ede ou fè referans sa a.

Ou pral bezwen refere pitit ou a avèk ase tan pou Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a evalye pitit ou a, epi pou Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pran yon desizyon sou kalifikasyon pitit ou a pou edikasyon preskolè espesyalize anvan twazyèm anivèsè pitit ou a. Sinon, sèvis Pwogram Entèkansyon Bonè yo pral fini jou anvan twazyèm anivèsè pitit ou a.

- Depi yo refere pitit ou a, Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pral kontakte ou pou di ou kijan pou fè yo evalye pitit ou a. ***Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pral mande ou konsantman ou pou evalye pitit ou a.***

Siyen epi retounen fòmilè konsantman evalyasyon an *menm lè* a. Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a dwe gen ase tan apre yo jwenn konsantman w lan pou evalye pitit ou a epi deside si pitit ou a kalifye oswa pa kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize anvan pitit ou a gen laj twa lane. Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pral kontakte ou pou òganize evalyasyon pitit ou a.

Si ou pa siyen epi ou pa retounen konsantman pou evalye pitit ou a, Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a ta dwe kontakte ou pou asire yo ou resevwa epi konprann dokiman yo.

- Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a kapab deside sèvi avèk dosye Pwogram Entèkansyon Bonè pitit ou a pou deside kijan pou evalye pitit ou a. Kowòdonatè sèvis ou a pral travay avèk ou pou idantifye rapò evalyasyon ak lòt dosye Pwogram Entèkansyon Bonè ki gendwa itil. Kowòdonatè Sèvis ou a ***pral bezwen konsantman ou*** pou bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a rapò evalyasyon ak dosye Pwogram Entèkansyon Bonè yo ki gendwa itil.
- Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a dwe gen yon rankont pou pran yon desizyon sou kalifikasyon ak sèvis pitit ou a epi dwe bay Konsèy Edikasyon (Board of Education) an yon rekòmandasyon, nan ***60 jou kalandriye*** apre yo jwenn konsantman w lan pou evalye pitit ou a.

Memjan ou se yon manm ekip Plan Sèvis Familyal Endividyalize (Individualized Family Service Plan) ou a, ou pral vin tou yon manm Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize pou pitit ou a.

Ou kapab mande Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a envite Kowòdonatè Sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè ou a nan rankont sa a.

Ou kapab mande yon paran anplis ki manm Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pou li prezan nan rankont la. Demann sa a dwe fèt bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a omwen 72 èdtan anvan rankont la. Yon paran anplis ki manm se paran yon timoun ki gen andikap ki rezide nan distri eskolè a oswa yon distri eskolè vwazen.

- Si pitit ou a kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize, yo pral elabore yon Pwogram Edikasyon Endividyalize pou pitit ou a.

Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pral eksplike diferans ant Pwogram Edikasyon Endividyalize pitit ou a ak Plan Sèvis Familyal Endividyalize a.

Ou kapab chwazi pou kòmanse pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo lè pitit ou fèk vin kalifye, oswa rete nan Pwogram Entèvansyon Bonè a jiskaske pitit ou a pa gen laj ankò.

Si ou deside pou fè pitit ou a rete nan Pwogram Entèvansyon Bonè a, ou kapab chwazi pou kite Pwogram Entèvansyon Bonè a epi fè pitit ou a kòmanse nan pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo nenpòt lè, pou fè sa kontakte prezidan Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a.

- Si pitit ou a pa kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize, sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè yo pral fini jou anvan pitit ou an gen laj twa lane.

Yo pral gade epi revize Plan Tranzisyon pitit ou a si gen nesosite.

Si pitit ou ak fanmi an bezwen lòt sèvis, plan an pral gen ladan sèvis sa yo, ak demach pou ede ou jwenn sèvis sa yo.

- Si ou pa dakò avèk desizyon Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a sou kalifikasyon oswa sèvis yo, oswa si ou te voye konsantman ou a bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a avèk ase tan pou evalye pitit ou a pou Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a te pran yon desizyon sou si pitit ou a kalifye oswa pa kalifye pou sèvis edikasyon preskolè espesyalize anvan pitit ou a gen laj twa lane epi Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pa fini travay li a atan, ou gen dwa pou gen rekou ak yon pwosedi ofisyèl selon Lwa sou Edikasyon an.

Ou kapab:

- Kontakte Biwo Rejyonal Asirans Kalite Edikasyon Espesyalize (Special Education Quality Assurance Regional Office) ou a pou klarifikasyon oswa asistans teknik.
- Mande yon medyasyon oswa yon odyans sanpatipri sou desizyon Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a si yo pa t pran desizyon an atan.

Pitit ou a gen dwa pou jwenn sèvis ou te dakò sou yo avèk Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a, pandan ou ap tann gen yon desizyon final ki pran. Si oumenm ak Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pa kapab dakò sou sèvis pitit ou a bezwen yo, yon ofisye pou odyans sanpatipri pral deside ki sèvis pitit ou a dwe resevwa pandan tan sa a.

Si Kowòdonatè Sèvis ou a pa ba ou enfòmasyon ou bezwen yo nan yon tan ki rezonab yon fason pou ou refere pitit ou a bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a, ou gendwa benefisye dwa pou gen rekou ak yon pwosedi ofisyèl selon Lwa sou Sante Piblik la, ki enkli medyasyon ak odyans sanpatipri.

Sepandan, dwa pou pwosedi ofisyèl sa yo disponib sèlman:

- si ou bay Kowòdonatè Sèvis ou a konsantman ou atan pou òganize yon Reyinyon sou Tranzisyon (sèl si ou di Kowòdonatè Sèvis la ou pa vle yon Reyinyon sou Tranzisyon), epi
- si ou refere pitit ou a bay Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize avèk ase tan pou Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyalize a pran yon desizyon anvan pitit ou a gen laj twa lane, si pitit ou a kalifye oswa pa kalifye pou sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo.